



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL RATIFYE LEJISLASYON POU AMELYORE SÈVIS SWEN SANTE YO

### *Lejislasyon S.2119/A.228 konsène Sant Plasma Sous yo*

***Lejislasyon S.4377/A.6222 egzije mezon retrèt yo ofri tradiksyon dwa pasyan yo epi egzije afiche enfòmasyon kontak pou Pwogram Ombudsman Swen Alontèm New York la***

### *Lejislasyon S.3543/A.3050 lan konsène Devlopman Mendèv*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon pake lejislasyon ki vize amelyore sèvis swen sante yo. Lejislasyon S.2119/A.228 otorize prelevman plasman sous la nan sant don plasma sous yo. Lejislasyon S.4377/A.6222 a egzije mezon retrèt yo ofri tradiksyon dwa pasyan yo nan lang ki pi komen ki pa anglè a epi egzije afiche enfòmasyon kontak pou Pwogram Ombudsman Swen Alontèm Eta New York la. Lejislasyon S.3543/A.3050 lan konsène devlopman mendèv lè li egzije kèk pwofesyonèl bay, epi pou Depatman Edikasyon Eta a kolekte, enfòmasyon sou pratik pwofesyon yo.

"Aprè tansyon san presedan pandemi an te mete sou sistèm swen sante nou an, li enpòtan ke nou pran mezi pou asire ke nou pi byen prepare alavni," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa ap pèmèt New York genyen yon repons ki pi solid pou kriz alavni yo epi mwen fyè pou mwen ratifye pwojè lwa sa an lwa pou devlope aksè nan swen sante epi amelyore sèvis yo pou tout Nouyòkè."

Lejislasyon S.2119/A.228 la otorize prelevman plasman sous la nan sant don plasma sous ki konfòm ak lwa federal la, k ap pèmèt plis sant ouvri nan tout eta a. Plasma se yon resous vital nan tretman maladi epi lejislasyon sa elaji aksè pou don.

**Senatè Gustavo Rivera te deklare,** "Nou bezwen asire ke lwa nou yo koresponn ak avansman nan medsin yo epi lè nou rasyonnalize kijan sant don plasma yo otorize pou fonksyone nan Eta New York, sa ap fè sa lè nou ede plis Nouyòkè jwenn aksè nan tretman efikas sa pandan l ap kenbe nivo swen ki elve. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa an lwa, epi paske li kontinye travay pou amelyore sistèm swen sante nou an pou rann li pi aksesib pou Nouyòkè yo."

**Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Prelèvman plasman sous se premye etap ki enpòtan pou kreye terapi pou pasyan ki gen pwoblèm sèyman, twoub otoiminitè, ak lòt pwoblèm ki menase lavi. Pwojè lwa sa ap fasilite ogmantasyon don atravè yon sistèm règlemantè ki pi apwopriye, efikas pou sant plasma sous yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul, Senatè ki pwopoze pwojè lwa a nan Sena, Gustavo Rivera, ak Pòt Pawòl Asanble a Carl Heastie pou asistans yo pou fè pwojè lwa sa tounen lwa".

Lejislasyon S.4377/A.6222 a egzije mezon retrèt yo ofri tradiksyon dwa pasyan yo nan lang ki pi komen an ki pa anglè a epi egzije afiche enfòmasyon kontak pou Pwogram Ombudsman Swen Alontèm Eta New York la. Pwogram sa te tabli nan kad Lwa sou Ameriken ki pi Aje yo (Older Americans Act) epi li defann rezidan yo lè li fè investigasyon sou plent ki depoze yo.

**Senatè Rachel May te deklare,** "Nouyòkè ki pi aje yo ak fanmi yo dwe gen aksè nan enfòmasyon sou anpil sijè pou pran pi bon desizyon pou tèt yo ak pwòch yo. Pwojè lwa sa ap rann enfòmasyon ki enpòtan sou Pwogram Ombudsman Swen Alontèm nan, ansanm ak Deklarasyon Dwa Rezidan yo, aksesib nan fason ki pi laj epi pi fasil. Mwen fyè dèske mwen te prezante pwojè lwa sa epi mwen kontan anpil ke Gouvènè a ratifye li an lwa. Eta New York dwe kontinye fè tout sa li kapab pou sipòte pi byen popilasyon k ap vyeyi k ap ogmante nou an,"

**Monica Wallace, ki se Manm Asanble, te deklare,** "Ombudsman nan etablisman swen alontèm yo aji kòm defansè rezidan yo, ki asire ke yo pran swen rezidan yo kòrèkteman epi yo trete yo ak diyite. Pou ombudsman lan efikas, rezidan yo dwe konnen kisa yo fè ak kijan pou kontakte yo. Lwa sa egzije mezon retrèt ak etablisman swen alontèm yo afiche enfòmasyon sou pwogram ombudsman lan nan chak sal rezidan epi bay tradiksyon nan lòt lang ki komen, pou pasyan yo ak fanmi yo ka konnen kiyès pou kontakte pou èd. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li nan sistèm swen sante alontèm nou an epi dèske li sipòte granmoun New York yo."

Lejislasyon S.3543/A.3050 lan egzije kèk pwofesyonèl bay, epi pou Depatman Edikasyon Eta a kolekte, enfòmasyon sou pratik pwofesyon yo pou ogmante done sou mendèv swen sante New York la. Lejislasyon sa ap bay yon apèsi ki pi egzakt sou demann mendèv yo nan Eta New York.

**Senatè Toby Ann Stavisky te deklare,** "Pandemi COVID-19 la te ekspozè anpil disparite nan sistèm swen sante eta nou an. Lè nou kolekte epi analize enfòmasyon sa yo, Depatman Sante a ap enfòme pi byen sou ki kominote ki gen pi gwo bezwen sèvis enpòtan, pou yo ka abòde bezwen sa yo kòm sadwa. Lwa sa ap ede asire ke tout Nouyòkè gen opòtinite egal pou gen aksè nan sèvis swen sante yo bezwen yo."

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Pandemi COVID-19 la te ekspozè yon eka nan konsepsyon sou kijan pwofesyonèl swen sante ki sètifye yo pratike nan New York. Lejislasyon sa bay Depatman Sante a enfòmasyon sou kijan pratisyen ak espesyalis yo anplwaye lisans yo, pou abòde rate yo jwenn nan mendèv swen sante New York yo pi byen, epi reponn rapidman ak menas sante piblik k ap emèje yo. Mèsi a Gouvènè

Hochul dèske li siyen pwojè lwa enpòtan sanse sa an lwa ak Senatè Stavisky pou defans li nan Sena a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)